Авар адабияталъул дарс
8 классалда т1обит1араб

# " Г1умруялъул дарсал"

Х1адурана : **Х1ажиева М М**

Буртабазул гьоркьохъеб школалъул авар
мац1алъул ва адабияталъул муг1алим

Буртунай

8 класс авар адабият- 12 март

Тема :Ц1адаса Х1амзатил «Г1умруялъул дарсал» поэмаялъул 5-6 бут1рузул анализ.

**Дарсил мурадал:** Ц1. Х1амзатил асаразул г1умруялъулъ бугеб к1вар, хьвада-ч1вадиялъул рахъазулъ кьурал г1акълабазул маг1наялъул гъварилъи

Ц1аалдохъабазулъ гьудуллъи –вацлъиялъулаб бухьен ц1ик1к1инаби

Г1акълу камиллъизаби, калам цебет1езаби

Дарсил алатал:

Компьютер, проектор, интерактивияб доска, т1ахьал, тетрадал ручкаби.

Дарсил ин:

Байбихьи (ц1алдохъаби х1адурила дарсиде)

1 .Ц1адаса Х1амзатил г1умруялъул х1акъалъулъ литературияб диктант.

**Литературияб диктант.**

Дагъистаналъул халкъияв ……… Ц1.Х1амзат гьавуна …….. соналъ ….. районалъул ……. росулъ. Х1амзатил эмен………… вук1ана мискинав векьарухъан. Гьит1инго эбел-эменги хун, бесдаллъана … лъимер . Х1амзат вук1ана рит1ухъав чи. …….абураб кеч1 къват1ибе бахъич1ого таралъухъ гьесие кьолеб бук1ана кьолораб чу. Т1оцебесеб т1ехь «……………………………………….» къват1ибе бач1ана ……….соналъ.

Нужеца цебехун ц1алана Х1амзатил .......... абураб пьеса.

Ц1.Х1амзат хвана.........соналъ.

2.Араб материал такрар гьабиялъе

А) «Айдемир ва Умайгьанат » пьесаялдасан блиц-опрос:

Гьадин лъица абураб

- Гъоркьан рат1а бегьич1они, т1асан бохги бегьуларо.

- Гьабизе лъани, квас, квине лъани, нах

-Бакъ-моц1 нилъехъан бугони, ц1вабзазул ургъел

_Салих1илас жергъен г1адин

Чвантиниб г1арац бугони , маг1арда ахги гьабула.

(Гьал х1алт1изарурал калимаби щал жал кколел , кинаб гьезда гьоркьоб фразеологияб сверел)

Щай Х1амзатица персанажазул каламалъулъ рекъезарун ругел?

Гъазил ч1ужу партал хьиталда хьарай,38 сон барай г1адан

(Газимагомедова Марьямил цееяхъин-9 классалъул ц1алдохъан Асмал роль х1алей)

Лъил монолог кьун бугеб пьесаялда?

Кин лъуг1улеб?

Кульминация кинаб бак1 пьесаялъул кколеб?

3. (ц1алдохъабаз гит1инабго бут1а х1ала)

Пьесаялдасан нилъеда бич1ч1ана кин хьвада-ч1вадизе кколелали, ц1ализе кколеблъи, хасго халкъалъул буголъиялде квер бегьизе бегьунгут1и.

(Гьелдасан рач1уна нилъ Х1амзатил цогидаб асаралде «Г1умруялъул дарсал».Гьелъул х1акъалъулъ баян кьела .

1-бетер -Адаб

2-бетер -Ч1ух1и

3-бетер- Мац1

4-бетер-Г1акълу

5-бетер-Гьудул-гьалмагълъиялде (Гьудул нусгоги дагьав , тушман цоги г1емерав) к1алъай

К1алъай гьабила--------------------

5.Дарсил темаялде байбихьила.

6-7 бут1рул ц1алила, анализ гьабила , ц1алдохъаби т1амила комментированное чтение гьабизе.

Группабазде бикьун х1алт1и-

1.Асаралъул мац1, г1уц1иялъул бицине.

2 группаялъ- цо бокьараб дарсил х1акъалъулъ хъвазе,

3 – группаялъ- тема аслияб пикру баян гьабизе

Дарс г1амлъизабила, къиматал лъела.

Рокъобе –цояб дарсалдасан нужерго пикру хъвазе